
 RAGAD ADVERTENTIE:
 Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.—
 Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.
 Advertentie limrah: f 0,15 sagaris;
 (apes: f 1,25).
 Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:
 B. SOEMARNA
 kabantoe
 REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

== Medal saben dinten Djoemowah. ==

 REGINIPOEN LENGGANAN
 SWARA TAMA
 sampoen kalijan regining Soera Katholiek
 1 taoen f 7,50 } njoewoen kabajar
 1/2 f 3,75 } roemijin.

Adrèspoen Redactie lan Administratie:
 IGNATIUS - COLLEGE
 DJOKJAKARTA.

 Drukkerij „Canisius” Djokja.

PAHARGJAN SÈKET TAOENAN DALEM

I. S. Kg. S. RAMA PIUS XI

== DJOEMENENG IMAM. ==

SAKING REDACTIE

Kados atoeer koela ingkang sampoen, Sw. T. dinten poenika namoeng mligi kanggé ngadjangi verslag pahargjan 50 taenan dalem saking poendi-poendi. Margi ngentosi datenging verslag-verslag, wedalipoen Swara Tama radi kasèb. Verslag-pahargjan, ingkang boten kawrat wonten Sw. T. dinten poenika, poenika margi datenging verslag kasèb. —

PAHARGJAN ING AMBARAWA.

Kala ngadjengaken dinten riadinipoen Ingkang Sinoewoen Kangdjeng Santo Bapa, dinten ageng, sèket taenipoen anggènipoen djoemeneng Imam, kita Ambarawa ribed, Grédja saplataranipoen doemoegi ing margi ageng rinengga - rengga, poenapadéné kamaripoen - dolanan laré Normaali èstri. Ing ngadjenging grijanipoen sadèrèk katholiek kolèbèt djènè petak. Asri pèninina padjangan poenika — regeng semoewi boten koetjiwa — ngresepaken jèn teningalan. Poenika sadaja minangka pangajoebagja kondjoek Ingkang Sinoewoen K. S. Rama.

Dinten Setoe 5 October djam 5 kadang katholiek rantap-rantap dateng Grédja, ndèrèk Lof. Poenika minangka dados mpaboekaning pahargjan. Preek pandjang, saé, miraos, mlebet ing manah nenangi soengkem, tresna lan adrih kita dateng Sampéjan Dalem.

Sabibaring Lof sadèrèk Djawi, sepoeh anèm, ageng alit, sami nganggé kokarde lan njepegan rontèk djènè petak, pangkat arak-arakan dateng Zusteran. Panganggènipoen laré mèh saroepe: petak; sadèrèk goeroe di nes tjemeng. Pahargjan sonten poenika mligi kanggé Katholiek Djawi, dipoenjenging Rama Pastoors lan Fraters, Eerw. Zusters, sadèrèk goeroe kakoeng poetri, tamoe - tamoe, moerid Normaali djaler èstri; wonten 400 kepara langkoeng.

Djam 7 1/2 pahargjan tapoek.
 1. Pamboeka déning voorzitter comité, nglahiraken soeka bingah toewin panarimah dateng ingkang sami rawoeh, ladjeng dijèntèrhaken toedjoening pepanggihan poenika.
 2. Sekar —

a. Goesti Pangraning Boewana; poenika minangka pambikaking pésta sonten poenika, déning sadaja ingkang rawoeh.
 b. Tu es Petrus - koor laré èstri.
 c. Toespraak toewin zang — laré èstri. Ingkang ngedalé laré alit toewin bonèkanipoen Ingkang saged ébah saha njekar, Poenika damel soeka bingahing ingkang sami ningali. Swanten tata tjeta ing paketjapan.

3. Lezing bab soegengipoen ingkang Sinoewoen K. S. Rama. Wosing voordracht, ngindakaken soengkem lan tresna kita dateng ing Sampéjan Dalem.
 4. Pauze — Sami dipoenatoeri oendjoekan lan njamikan sinambi mirengaken gangsa.

5. Voordrachtipoen laré Normaali djaler toemoedjoe dateng para nènèman, ngèmoetaken, jèn katholicisme kedah dipoenawrataken tinimbang nationalisme.
 6. Sekaripoen moerid Normaali djaler.

7. Lezing-Romeinsche kwestie. Ing wasana Rama Rector nglahiraken marem lan bingahing panggalih, déné pahargjan sonten poenika boten ngoetjiwani, boten nama tjil-

mèn, katingal semoewa. Paring pangandika, sok sintena ingkang badé ngèstokaken karsa dalem ingkang S. K. S. Rama, inggih kedah tresna ambangoen mitoeoet dateng wewakilipoen, inggih poenika para Pastoors, lan kedah djembaraken pers Katholiek.

Minangka panoetoep sesarengan njekar Roomsche blijdschap ingkang kadjawèkaken

Gambira Katholiek.
 1. Kita samja Katholiek sanjata Katholiek ing tindak lan witjara Sadjroning reribed lan sangsara, Katholiek ngantija praptèng antaka; Datun rikoeh: nèng wisma-pradja, Katholiek pinilih amba samja. Datun soemelang angoetjap manira: „Kita Katholiek” pan parol kita. Datun soemelang angoetjap manira: „Kita Katholiek” parol kita.
 2. Tatag lan boengah oerip ngong sami Mapan trèng aloehoer Kristen jekti, Nadijan matijèng rana mjang sangsara

Datan gingsir kanang soekèng nala. Bingar tjantas sroe kawistara Mjng prakosa oemangsèng rana. Tatag jèn ajoeda, soeka: jèn djaja, Djajanja Sang Kristoes woes winetja.
 3. Lijan djanma sinoeng soeka oegi.

Lir kasagahanira Djeng Goesti, Moega moengsoeh sinoengan sih, dadija

Kanti kita ing prang soetji mangkja: Doeh Sri Jésoes bebingèng bangsa, Oemekara saloemèng donja, Salib Dalem jèn kawistareng méga. Iriden kawoela goemjah soeka. Salib Dalem jèn kawistareng méga Pradjoerit Katholiek gambira.

Sasampoenipoen poenia moerid Normaali djaler èstri sami bibaran. Tijang sepoeh saha laré ndjawi sami tengga, sami sinoegata daharan sapantesipoen.

„Lo kok ana, tegel.” Sampoen kesesa, sadèrèk! Mila makaten, awit dintenipoen Senèn 7 October moerid-moerid waoe oegi dipoen paring pista pijambak. Djam 11 tènèng sadaja sami bibaran.

Atas namaning comité ngatoeraken genging panoewoen dateng:

1. Rama Rector, toewin Frater Tijtakoesoema, ingkang sampoen paring pambijantoe rembag.
2. Frater Jasawihardja, ingkang sampoen maringaken bangkoe-bangkoe.
3. Moeder lan Zuster, ingkang sampoen paring papan ingkang kapadjang-padjang, paring pitoeloengan baow soekoe miwah arta.
4. Broeders, ingkang sampoen paring pitoeloengan woedjoed arta.
5. Dames-comité, ingkang boten ngétang kesel lan rekaos, moerih saéning pasoeogatan.
6. Sadèrèk sadaja ingkang sampoen paring dana arta, rembag toewin pitoeloengan sanès-sanèsipoen.

—o—
 Endjingipoen dinten Ngahad 6 October djam 6 ndèrèk Koerban-Mis. Déné djamipoen 7 1/2 Koerban-Mis Ageng. Sontenipoen djam 5 1/2 Lof mawi Magnificat lan Te Deum.

Sonten poenika pahargjan kanggé sadèrèk Wlandi, oegi ing Zusteran, ingkang djenengi Rama Rector, para Broeders, Zusters, Parochianen Wlandi saha laré djaler èstri.

1. Pangarsanipoen, Rama Rector ngendikakaken toedjoening pahargjan poenika.

2. Panembraning para langgen swara Mulo internaat binaroeng ing harmonium.

3. Samenspraak, laré kalih bantah binantah kadospoendi anggènipoen badé sami mangajoebagja. Poenteking rembag saroedjoek badé ngoendjoekaken album isi potrètipoen pijambak-pijambak. Potrèt waoe kapitontonaken. Wadoeh, para ningali sami gawok goemoen. Poenapa ta? Laré-laré waoe sami ngadeg wonten ing sawingkinging plangkan gambar pinasang katata asri pèni kados tentoonstelling. ngresepaken manah.

4. Gambar sorot mawi epidioscoop Panoetoep; Roomsche blijdschap.

Dinten Senèn 7 October sabakdaning Koerban - Mis, para nènèman sami sarapan sesarengan, kapanta-panta, manoe-manoeet sekolahanipoen, namoeng laré Djawi ndjawi kaklempakaken ing Pastoeran, laré Wlandi ndjawi wonten ing Café, ingkang kapadjang oegi. Sabibaring sarapan laré Wlandi volkspel mawi pris.

Minangka panoetoeping pahargjan sèket taenan poenika ing dinten Senèn sonten djam 6 ing pastoeran wonten gambar sorot kanggé sadèrèk Djawi ingkang dèrèng ningali, kagijaraken ing Frater Tijtakoesoema. Ingkang sami dateng, katingal bingah ningali Sampéjan Dalem toewin 't Vaticaani. Ingriki doemoengipoen pangajoebagja teroes ing batos.

Jul. S.

PAHARGJAN ING BATANG.

Nadyan tjlimèn, nanging medal saking soetjining manah.

Ing Batang poenika tijangipoen Katholiek saweg sakedik sanget, mila dèrèng naté kelampah karawoehan Pastoer ingkang soemedja ngoendjoekaken Mis Soetji wonten ing ngrikoe. Mangka tanggal 6 October poenika dinten ingkang agenging - ageng kanggé para tijang Katholiek sadaja. Sadèrèk Katholiek ing Batang koemedah - kedah badé ndèrèk moeljakaken dinten rija dalem Kangdjeng Santo Bapa, boten poeroen kantoen kalijan para sadèrèk Katholiek ing sanès panggenan.

Ing sapoenika kados-poendi rékanipoen?

Adatipoen sawoelan sapisan inggih poenika saben dinten Ngahad ping 4 saged ndèrèk Mis Soetji ing Pekalongan. Sa-gewest Pekalongan — Tegal poenika pastoeripoen namoeng saweg satoenggal (zegge: satoenggal til). Standplaats-ipoen Tegal. Tanggal 6 October Pastoer temtoe boten saged nilar standplaats-ipoen. — Hla kanggé sadèrèk Kath. ing Batang sapoenika ladjeng kadospoendi? Badé dateng Tegal, tebih; dateng Semarang inggih idem. . . . Saking kapèdipoen, mangka sami adreng ing manah koemedah-kedah badé ndèrèk moeljakaken dinten ageng kaseboet, mila ladjeng sami ngwontenaken pepanggihan kanggé para sadèrèk Kath. sawontenipoen, sadèrèk Kath. 11 wewah satoenggal ingkang dèrèng Kath. nanging sampoen njondongi dateng lampah Kath., dados goenggoeng sadaja wonten sadèrèk 12, èstri 7, djaler 5, sami nglempak wonten nggènipoen sad. Mangoensoebrata.

Ménggah programipoen makaten:

1. Pamboeka.
2. Sembahjang „Rosarijo” (rozen-hoe)dje.
3. Menjanji „Te Deum.”
4. Maos tegesipoen menjanjian „Te Deum” (tjara Welandi).
5. Sesorah.
6. Sembahjang kagem Kangdjeng Santo Bapa.
7. Menjanji „Aan U O Koning der eeuwen.”
8. Ngaso — tractatie sawetawis. — Mitoeroet program ing nginggil poenika tètela namoeng tjlimèn kémawon gelaripoen. Nanging kados atoeer koela ing ngadjeng, sanadjan tjlimèn sanget, nanging medal saking éklas toewin soetjining manah, saking koemedah - kedahipoen badé ndèrèk moeljakaken dinten rija ingkang agenging - ageng ing sagoedjoepoen, boten poeroen kantoen kalijan sadèrèk Kath. sanèsipoen, ing sasaged badé ndèrèk soeka-soeka ing batos toewin lahir.

Ing pamboeka dipoenterangaken déning sadèrèk ingkang njadijani papan, poenapa maksoedipoen sami pepanggihan poenika; inggih poenika: ndèrèk moeljakaken dinten rija dalem Kangdjeng Santo Bapa.

Ingkang sesorah sadèrèk Atmapranata, Mantri goeroe ing Kandedman tjelak Batang. Déné maksoeding sesorah inggih poenika:

1. Nglahiraken bingahing manah gandèng kalijan rija ageng ing dinten kaseboet.
 2. Toemoedjoe dateng para prijantoe poetri ingkang sami menjanji.
- Ing ngriki kados boten wonten awonipoen kapèngetan sakedik gandèng kalijan menjanji waoe, ingkang pantes kasoemerepan ing ngakatah. Ing Pekalongan saben 4e Zondag wonten Kerkdienst. Ingkang soewaoe ingkang sami menjanji inggih poenika para „Europeesche dames en meisjes ing Pekalongan. Wiwit woelan kapengker (4e Zondag) menjanjian waoe kasowak, kagantos „Cecilia - Dameskoor” ing Batang. Sampoen katjobi sapisan inggih poenika ing woelan kapengker. Rama Pastoer pijampak kawedal pandidikanipoen: sanget rena ing galih. Déné ingkang menjanji boten sapintena katahipoen, ingkang soewaoe namoeng 5, ing sapoenika tjalon 6 oetawi 7 (ingkang satoenggal wedalan Ambarawa, sanèsipoen wedalan Mendoet sadaja). — Mangsoeli atoeer koela ing nginggil sambet kalijan menjanji waoe, sadèrèk Atmapranata nglahiraken bingahing manah, déné para sadèrèk Kath. poetri sami goemolonging rembag kersa ngwontenaken Dameskoor kanggé njemoewakaken Kerkdienst ing Pekalongan; ngadjeng - adjeng soepados saja sami nemen anggènipoen sami menjanji, moerih sampoen ngoetjiwani, balik malah sageda saja langkoeng saé malih, damel renanipoen Rama Pastoer saha moerih indaking kaloehoeran Dalem Goesti Allah. —

3. — Prakawis pitepanganipoen para sadèrèk Kath. ing Batang. — ing pangadjeng-adjeng sageda saja saé raketipoen, sami wengkoe - winengkoe djagi - djinagi; jèn wonten salah satoenggal ingkang gadah lampah kirang prajogi, sanèsipoen wadjab ngènggetaken, ingkang dipoen-ènggetaken, boten kénging ladjeng nampi serik oetawi agengipoen moetoeng, nanging malah kedah katampi kanti bingahing manah, pinten - pinten déné taksih wonten ingkang merdoeli ngènggetaken. —

4. — Gandèng kalijan tepang-

ipoen kalijan sadèrèk Kath. ing sakiwa-tengenipoen Batang ingkang sami kepentjil. Pamedar sabda ngadjak madosi sadèrèk-sadèrèk waoe, soepados sampoen ngantos sami nebih saking kantja Kath. Ratjakipoen oeger taksih asring pinanggih kalijan kantja Kath., boten gampil anggènipoen soepé dateng koewadjabanipoen bab Agami, déné ingkang saweg soepé, ladjeng èngèt malih. Lan malih anggènipoen madosi (toewi) sadèrèk kapentjil poenika ngiras propaganda bab Van Lith Stichting, kados ingkang sampoen katinggakaken. — (bravo!-Red.)

Ing wasana pamoeadi koela, moegi pepanggihan tjlimèn - tjlimèn nanging satoehoe medal saking éklas toewin soetjining manah kaseboet ing nginggil, sageda ndjalari roentoehing sih miwah berkahing Hjang Maha Mirah.

Sadermi-nglampahi.

PAHARGJAN ING BLITAR.

Sanadjan ing Blitar poenika toemrap Katholiekipoen saweg wiwit lan kitanipoen boten sapintena agengipoen, para Kadang Katholiek Djawi toewin Wlandi sami oemjoeng lan pating groebjoeg anggènipoen badé sami asoeng pahargjan koendjoek Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Santo Bapa.

Panti internaat pastorie Blitar dipoenrengga-rengga ngantos adamel reseping paningal, sapisan kagem njaosaken Koerban Mis Soetji katoer K. S. Bapa, lan kanggé pakormatan 50 taenan K. S. Bapa.

Pahargjanipoen kapérang dados kalih golongan kanggé gotrah Kath. Wlandi lan Djawi.
 Pahargjan kanggé Wlandi tg. 6-10-'29. Ngahad sonten djam 6.

PROGRAMA:

- I. Pamboeka lan nerangaken Romeinsche kwestie — Padoeka Rama A. Bastiansen.
- II. Solo zang. Panis Angelicus — Mejuiff. W. Ludwig.
- III. Sesorah nganggé sorot pedjah bab kawontenanipoen K. S. Bapa lan babad - babadipoen missie Johannes Gabriël-stichting doemoengipoen samangké.
- IV. Ngaso.
- V. Zang gemengdkoor — katoentoen Heer C. J. Sindoeprawata.
- VI. Ladjenging sesorah nganggé sorot pedjah.
- VII. Panoetoep: mawi Zang; Aan U O, Koning lan sami soeka-soeka pari-soeka, watawis djam 9 sonten bibaran.

Pahargjan kanggé Djawi

tg. 7 - 10 - 29.
 Senèn sonten djam 6.

PROGRAMA.

- I. Pamboeka — Heer R. S. Rahadi.
- II. Nembang Kinanti Pambiwadda binaroeng swanten tiga — katoentoen Heer R. S. Rahadi.
- III. Sesorah Bab K. S. Bapa lan Romeinsche kwestie — Heer R. S. Rahadi.
- IV. Sesorah mawi sorot pedjah kados programa Wlandi — Heer A. S. Martasoedarma.
- V. Ngaso.
- VI. Nembang lagoe: Biwadda para widya binaroeng swanten tiga katoentoen Heer R. S. Rahadi.
- VII. Tooneel loetjoe sanget mawi magepokan 50 taenanipoen Ingkang Sinoehoen K. S. Bapa Ingkang dados moerid H. I. S. Joh. Gabriël,

katoentoen Heer R. J. Adiwardaja. VIII. Panoetoep menjanji Aan U O, Koning tjara Djawi ± 10,30 daloe.

Pahargjan kalih-kalihpoen sami déné katah ingkang sami merlokaken rawoeh.

Verlaggever. A. S. M.

PAHARGJAN ING KLATÈN.

Koemlèbèting bandéra dalem K. S. Bapa, kala Setoe tanggal 5 October, ing sangdjanging grijanipoen tijang Katholiek, mrahtjihani bilih saben rajat Katholiek wiwit ing dinten poenika oegi mahargja 50 taenan dalem K. S. Bapa, djoemeneng Imam: Cocarde njasmitani, bilih boten nge-moengaken rajat Katholiek, malah saben tijang Katholiek sami ngoendjoek-aken poedja poedji astoeti kondjoek ingkang Sinoehoen Kangdjeng Santo Bapa Pius XI.

Pahargjan waoe kènging koela pérang: I wonten ing salèbeting Grédja, II wonten sadjawining Grédja. —I. Wonten ing salèbeting Grédja: djam 5.30 kala 5 October ngwontenaken Lof Ageng mawi „Te Deum.” Ing salèbeting Lof wonten piwoelang mawi basa Walandi lan toemoedjoe dateng kadang Katholiek Walandi.

Tanggal 6 October, djam 7.30 ngwontenaken Mis ageng sarta tampi Sakramèn Maha Soetji sesarengan. Bakda saosan koerban Mis soetji, wonten piwoelang mawi basa Djawi ingkang toemoedjoe dateng wandawa Katholiek Djawi. Djam 5 sonten ngwontenaken Lof.

Tanggal 7 October, djam 7.30 ngwontenaken Mis Soetji kanggé laré-laré (Kinder Mis) sarta algemeene Communie. Sabibarang Koerban Mis, laré-laré Djawi toewin Walandi, kaparingan bebingah, tetedan toewin ombèn-ombèn.

—II. Wonten ing sadjawining Grédja. Kala tanggal 6 October para kadang Katholiek Djawi ing parochie Klatèn, ngwontenaken pahargyan ageng-agengan. Moerih saké-tja toemindakipoen pahargjan waoe manggèn wonten ing Wedi.

Sareng wekdal tapoeking damel saja njelaki, Comité saja sengkoet panjamboet damelipoen, moerih sagedipoen njekapaken sesanggènipoen ingkang sampoen dipoensagahaken. Dawahing pasamoewan wonten ing dinten Ngahad djam 7 sonten, manggèn wonten ing grijanipoen M. Kramapawira ing Wedi.

Djam 7 tèng ingkang sami rawoeh sampoen goemoedoeg, djedjel rijel wonten ing pandapinipoen M. Kramaprawira. Menggah ingkang rawoeh, kadjawi para wandawa Katholiek ageng alit kakoeng poetri: padoeka R. P. Berdsen, toewan H. J. Lenaers H. P. O., Rd. Ms. A. Soedjarsa H. P. O. toewin njonjah saha toewan Lapré sapoetranipoen, oegi ndjenengi pahargjan daloe poenika.

1. Sareng sampoen soemekta sedita, pangarsaning Comité sadèrèk M. J. Soekatja minggah ing podium, mbikak pahargjan 50 taenan dalem Ingkang Sinoehoen K. S. Bapa Pius XI djoemeneng Imam, ing Roem. Andaraning pangarsaning comité, kènging koela ringkes:

a. ngatoeraken soegeng rawoeh dateng padoeka R. P. Berdsen, loemèberipoen dateng para poetra-poetra Katholiek sadaja ingkang lenggahan.

b. matoer noewoen: dateng sadaja ingkang sami paring dana dateng pasoembang, baoc soekoe, rembag lan sapanoenggilanipoen, ingkang moerih comité sageda nindakaken ing saperloenipoen. Dateng M. Kramapawira anggènipoen sampoen karsa paring papan kanggé adjanging pahargjan waoe. Dateng mbok Kramapawira saktantjanipoen déné sampoen saged njekapaken kabetahan ing wingking boten ngoetjwani. Dateng pandjenganan sad, F. R. Bratawiratma. N. Tjakraatmadja. B. R. Soetapanitra, déné sampoen sami sia-ga njamoewakaken pahargjan sarana ngwontenaken sesorah. Dateng wewakiling pakempalan K.W., P.P.K.D. P. L., M. L., B. K.

c. Comité njowoen samodra pangaksama dateng para tamoe, manawi wonten ingkang damel kirang sreging panggalih etc.

d. Minangka wewakiling wandawa Katholiek ing Klatèn, réhné boten saged ngatoeraken tända mripat woedjoed barang péni-péni radja péni; ing ngrikoe ingkang dipoenoendjoek-aken ing sahandap sampéjan dalem K. S. Bapa, lan wewakil dalem: padoeka R. P. Berdsen: sembah soemoengkempoen lan pambangoen-toeroetipoen para kadang Katholiek.

Samandapipoen pangarsaning comité saking podium, kasambet gentos-gentos para wewakiling pakempalan: K. W. sad. R. Sastrawirata; P.P.K.D. sad. M. Bratadarsana; P.L. sad. H. Gandawarsita; B. K. (Bantoe karja) sad. E. Karsawihardja; M. L. (Mardi laras) sad. A. Soedarma. Wi-

wit wiwitan doemoegi wewakiling M. L. gangsa dèrèng kapareng moeng-el. Sareng sad. A. Soedarma paring sasmita, pangandang boten talompé, gangsa kataboeh adamel saja mindak regenging pasamoewan.

2. Sesorahipoen sad. F. R. Bratawiratma, voorzittering P.P.K.D. afd. Klatèn, bab: soegeng dalem K.S. Bapa Pius XI. Sesorahipoen waoe ageng sanget dajanipoen. Kagem para sadèrèk ingkang sampoen maos koran-koran, oep: Sw. Tm., Tamtama dalem D. Marjiah, etc. poenapa ingkang kirang oetawi boten wonten, saged kadjanglepan margi mirengaken sesorah waoe. Langkoeng-langkoeng kagem sadèrèk ingkang boten maos babar pisan, ing ngrikoe sanalika kaboeka, saéngga saged njipati kados poenapa soegeng dalem kala timoer, ngantos saged ngasta pangkat ingkang loehoer, djoemeneng Santo Bapa, boten sanès inggih saking toentoenan sesorah waoe. Moerih saged saja lebet roemasoek ing baloeng soengsoem bekti kita sahandap sampéjan dalem K. S. Bapa, samandaping F. R. Bratawiratma saking podium, toeos katampi ing sekar kinanti soebakastawa binaroeng ing gangsa, katoentoen sad. E. Karsawihardja. Menggah oeran-oerani-poen:

Handwritten text in Javanese script, likely a continuation of the report or a separate document.

3. Sesorahipoen sad. N. Tjakraatmadja, Mantri goeroe Standaardsch. Wedi bab: Kedaton dalem.

Ing ngriki koela boten saged anggambar oetawi njarijosaken kados poenapa édi-éndahing kadaton dalem. Kala mirengaken raos koela kados njawang oetawi toemoet loemebet ing Vaticaen ing Roem. Pramila moerih sesorah waoe tjoe mantèl ing sanoebarining para tamoe, satelasing sesorah, toeos kasambet ing gending radja swala, déné oeran-oeranipoen makaten toentoenan sad. E. Karsawihardja.

Handwritten text in Javanese script, likely a continuation of the report or a separate document.

4. Sesorahipoen sad. B. R. Soetapanitra, catechist ing Klatèn, bab kajmaman.

Sesorah waoe tjeta, pasadja, damel padanging para sad. ingkang dèrèng naté ngitjipi piwoelang dalem Pasamoewan Soetji. Ing ngrikoe loehoering pangkat imam tjeta. Para mirengaken lega raosing panggalih. Sa-

telasing sesorah, kasambet sadèrèk A. Soedarma noentoen sekar, lagoe ilir-ilir binaroeng ing gangsa; déné roetjéningan sekar:

Handwritten text in Javanese script, likely a continuation of the report or a separate document.

Sarampoengipoen no. 1 t/m no. 4 padoeka R. P. Berdsen djoemeneng saking palenggahan, minangka wawakil dalem K. S. Bapa, mahjakaken soeka renaning panggalihipoen lan panoewoenipoen dateng sadaja, ingkang kalampahan ing daloe poenika, poenapa déné dateng M. Kramapawira. Satelasing pangandika, djoeroe lados riboet-riwoet anggènipoen ngolahaken dedamelipoen: baki penampapan, piring tjangkir saebarampènipoen.

Para tamoe linadosan: dahar ngoendjoek, sinambi mirengaken gangsa lan géroangipoen M. L. Pranjata ajem tentrem manahira. Ing salèbetipoen para tamoe ngasta ambengan, toekang potrèt ingkang riboet masang pirantosoepoen. Sareng angsal wawasan ingkang saé, pirantos kadjetèken, sakala para tamoe ginambar wonten ing ngrikoe.

Wasana djam 11 daloe pahargjan katoetoep kanti wilodjeng, soerak ambal kaping tiga. „Pinandjangan ingkang joeswa K. S. Bapa”.

Inkang mèngeti: N. N.

VAN LITH-STICHTING MADJENGING VAN LITH-STICHTING badé andjoendjoeng dradjadipoen gotrah DJAWI KATHOLIEK! Pangreh V. L. S. p/a Bijz. H. I. S. MAGELANG.

PAHARGJAN ING MAGELANG.

Tanggal 6 October '29 poenika dinten rianjanipoen ingkang Sinoehoen Kangdjeng Santo Bapa, dinten sèket taenipoen anggènipoen djoemeneng Imam.

Tijang Katholiek sadjagad sami bingah-bingah.

Gotrah Katholiek ing Magelang oegi boten poeroen kantoen ngémoet-émoet dinten ageng waoe.

Nalika Setoe sonten katah sanget tijang ingkang andèrèk Lof Ageng mawi woetjalan bab Kangdjeng Santo Bapa ingkang sanget mranani dateng para ingkang mirengaken.

Ngahad éndjing Mis Ageng; sontenipoen Lof Ageng malih. Sabibarang Lof, kinten-kinten djam 7 gotrah Katholiek ngempal ing gedong K. S. B. ingkang rinengga-rengga sekar asri.

Pakempalan-pakempalan Landi lan Djawi sami andjenengi pahargjan poenika.

Sareng sadaja prijantoen sampoen lenggah satata, Rama Pastoor Hellings S. J. rawoeh kadèrèkaken prijantoen kalih, i. p. oetoesaning gotrah Katholiek Magelang. Ing dinten poenika kita oegi ngémoet-émoet sèket taenipoen anggènipoen djoemeneng Imam Rama Pastoor Hellings.

Toewan F. J. Coenders pangarsaning K. S. B. afd. Magelang ladjeng asoeng soegeng rawoeh dateng para prijantoen kakoeng poetri.

Prijantoen kakoeng poetri sawatawis ngidoeng Ave Verum karanganipoen Mazart angrangin damel senenging ingkang mirengaken. Bibar anggènipoen sami ngidoeng, Rama Pastoor Ten Berge, directeur Normalschool Moentilan, miwiti lezing bab Kangdjeng Santo Bapa

lan Pasamoewan Soetji. Wosing lezing: Kangdjeng Santo Bapa tansah gandèng kalijan Pasamoewan Soetji; Pasamoewan Soetji njata jasaning Pangéran, awit oepami boten makatena sampoen sirna ing djaman roemijin, djer mengsahipoen langkoeng katah. Lezing waoe damel trenjoehing ingkang mirengaken.

Sasampoenipoen lezing, Mevrouw Sant ngidoeng ingkang boten angoo-tjwani.

Toewan F. J. Coenders minggah ing podium, njarijosaken jèn ing dinten poenika tijang Katholiek sadjagad asoeka-soeka ngémoet-émoet rija dalem Kangdjeng Santo Bapa. Gotrah Katholiek Magelang inggih toemoet moeljakaken dinten ageng poenika. Toewan F. J. Coenders atas namaning gotrah Katholiek Magelang nglairaken bingahipoen dateng Rama Hellings, ingkang sampoen 50 taen djoemeneng Imam lan ingkang tansah ngoerban-aken salira kanggé tijang Katholiek ing Ned. Indië.

Sadèrèk J. Bremani nglairaken gambiraning manahipoen tijang Djawi Katholiek ing dinten poenika lan njaosi teken katoer Rama Pastoor Hellings.

Toewan P. Tromp lezing bab Pasamoewan Soetji lan ébahing djaman. Lezing waoe tjeta lan saé, damel maremaken ingkang mirengaken.

Toewan F. J. Coenders matoer noewoen dateng sadaja ingkang maringi pitoeloengan dateng wonten pahargjan poenika.

Kinten-kinten djam 10 parahargjan kabibaraken. Sadèrèngipoen poenika sadaja sami menjanji „Aan U, o, Koning der Eeuwen.”

Éndjingipoen, dinten Senèn laré-laré dipoenbingah-bingahaken ing gedong K.S.B.

Moegi-moegi rija dalem Kangdjeng Santo Bapa Pius XI saged anglebetaken gesangipoen Katholiek tijang ing sadjagad.

Verlaggever.

PAHARGJAN ING MEDARI.

Senadjan ing Medari poenika kalebet papan ingkang alit sanget, éwadéné meksa koemedah-kedah atoe pahargjan, pepèngèt 50 taenipoen. Padoeka ingkang minoelja Kg. St. Rama, anggènipoen djoemeneng Imam.

Wiwit mireng kabar dintening katemtoeanipoen pahargjan, sanalika K. W. damel comité, ingkang perloe nandangi bab poenika.

Kirang 3 dinten ngadjengaken tanggal 6 — 10 — '29 Grédja ing Medari wiwit kapadjang amrih pantesipoen, lan sasaged-saged padjangan waoe kadamel modèl, sarta langkoeng ngengreng tinimbang kalijan padjangan ingkang sampoen-sampoen.

Doemoegining tanggal 6 kaseboet, djam 7.30 Mis Ageng wiwit. Déne ingkang ndèrèk inggih ngantos djedjel.

Bibar Mis sami kondoer, nanging djam 6.30 sonten sami nglempak malih wonten ing kemandri goeron, perloe moeljakaken K. S. Rama Pius XI. Réhning djamipoen Wandi tjampoer kalijan Djawi, mila inggih katah ingkang ngetrepi, nanging inggih boten sakedik ingkang njoe-lajani awit wonten alangan.

Sareng ± djam 8 sonten pahargjan kabikak sarana sembahjang Kg. Rama lan sembah bekti ping 5, perloe kanggé njenjowoenaken loeloes loehoering dampar dalem Kg. St. Rama ingkang djoemeneng sedjatining Kalifat oellah.

Déné dapoekaning pahargjan sampoen katata déning Comité kados ing ngandap poenika:

- 1. Sembahjangan kasboet nginggil. 2. Sesorah minangka pamboeka. 3. Menjanjian. 4. Sesorah Romeinsche kwestie (réhning roemijin dèrèng). 5. Sesorah bab Kg. St. Rama. 6. Sekardjawi. 7. Ngladjengaken sesorah malih. 8. Menjanjian. 9. Nampi sesorahipoen sedéngah tamoe ingkang dèrèng katemtokaken déning comité, sarta pitakénan-pitakénan. 10. Ngladjengaken sesorah lan pitakénan. Poenika sadaja waoe nganggé dipoenselani oendjoekan lan njamikan. 11. Panoetipoen mawi Sembahjangan malih Kg. Rama lan Sembah bekti ping 3.

Déné ingkang ndjenengi pahargjan waoe Rama Rijkevorsel kalijan Rama Soemarna, nganti tamoe R.M. Sastrowinoto. Lan ing salah satoeng-giling program mawi dipoenselani sesorahipoen Rama v. Rijkevorsel ingkang ladjeng ngendikakaken, jèn pahargjan ing Medari badé doemoegi ing ngersa dalem Kangdjeng Kardinaal v. Rossum, lantaran seratiipoen Rama Rijkevorsel. Mekaten oegi comité njowoen dateng padoeka R. M. Sastrowinoto kersaa ndjèrèng kawontenaning pahargjan ing Ngajodja, ingkang sampoen kelampangan waoe éndjing. Sanalika oegi ladjeng dipoenleksanani kanti

danganing panggalih. Woesana pahargjan katoetoep djam 11.40, sebab éndjingipoen teksih badé wonten Kinder Mis.

Éndjingipoen.

Djam 7.30 Kinder Mis wiwit kaondjoekaken. Makaten oegi bakda Mis, laré-laré ladjeng ka-irid dateng sekolahan, perloe kapistakaken, sarta nampi paringan werni-werni.

Déné tjatjahipoen boten septena namoeng ± 370, djalaran laré ingkang dèrèng Katoelik dipoensekadjeng, dateng oetami, boten inggih kènging.

Woesana djam 10.40 kabibaraken kanti wilodjeng sarta seneng.

Toekang kabar. M. S. Kr.

PAHARGJAN ING MOENTILAN.

Kanti Soeka ing tyas oeloen, Pan tinoeding angatoeri, Verslag saking ing Moentilan, Wlontenra pahargjan di; Kondjoek Kangdjeng Santo Bapa. Rama kita ing Roem nagri.

Sadèrèk ngrika poendangoe samja riboet, njengkoed kardi, rikat mitra, énggal rikat, iki toeloeng, toeloeng iki, pajo énggal njengkoet ikalah-rampoeng tan ana kari.

Setengah nem dinten Setoe, pra samja noedjoe Dalem di(Grédja) adoeh kaé-ngarep Grédja, boental kertas, djanoer koening, pating srawé-ngawé kita, Kinèn samja sowan Goesti.

Kori Dalem soetji, agoeng. tinoempangan gambar asri, Grédja nèng karang sinerang, ombak ageng, nggegirisi, ja mangkono pindanira, Pasamoewan doek roemijin.

Noelja lontjèng ageng ngoengkoeng, sadaja pra poetra sami, mlebet sowan Goesti kita, gawok koela, aningali, saé, asri, éndah, pélag, rerengganja Dalem soetji;

Makoeta Dalem Sang Praboe sinangga petaning koentji, wapen, anèng nginggil Altaar, sinawoeran, lestrik, lilin, asoemoenan, angodjwala, ja Makoeta Dalem adi;

Pisowanan noeli rampoeng, sawoesira Rama Didrih nggoegah, ngadjak, kita samja, soeka-soeka-lahir batin, noelja wangsoel. sowang-sowang, Ngahad éndjing sowan malih.

Widjilira saking Dalem Soetji, tata, mpapat-ngloro, Bandéra geng, tamboer, ngarep déwé ngrid siswa, anèng ing ngarsaning Sang Praboe kang ngrid: Rama, kadang sepoeh.

Kang roeroepan, koening lawan poetih sajah onglah angloh déning badan kanggo kana kéné koeplœk siswa, srèmpang-tjilimoeni dwadja lan kabèhing rerengganing taroeb.

Woesnja rampoeng, gja wiwit loe-loemaris, regedeg, jo, ajo, tamboer moenja, dèng-dèng, dèrèng, dèng-dèng, kidoeng wiwit-mjang tansah-ngrangin, gangsa oemjoeng moeni motor nggereng anggroeng.

Sing Pastoeran, ngidoel paranèki, para nonton mlongo, kijé apa, kantja apa kijé — rantap-rantap, ramé, rintib-rintib. O, ngarak gambar di pinadjang amoenggoeh;

renggang pita, koening lawan poetih, ingampil amoenggoeh, pating srawé-kaja ngawé-awé agé énggal, den énggal mariki moeljakken Sang Adji, Soelihing Hjang Agoeng;

Jèn sinawang, djeng Rama sajekti, kadya manglong-manglong nèng tjandéla-mriksani poetrané, sroe karenan, mèsè-mè-pait gendis, ikoe saking ngarsi, lamoen saking poengkoer.

Kaja lagja, amberkahi maring Rama, kadang sepoeh „kinèn samja-taberi wadjiwe” kotjap ingkang-pra samja loemaris langkoeng Kebonsari, (1) Dokteran (2) mangidoel;

Kontroliran, ménggok ngilèn aglis, Sléko noelja ngalar; Dalem broeder (3), Convict apa déné (4)

nomer 4, tekan 1, asri
Agendéra koening poetih, doewoer
moenggoel.

Andjog anèng, panti soeka asri,
noelja tata loenggoh;
siswa H. I. S., ngoelah ragané
sroe akarja gambiraning ati,
Rama Rector noeli,
ngandika aloeroeh;

Soeka nrima, mring Pra Broeder
sami,
miwah dateng Ka-Wé,
dé samana gencing lelabeté;
noelja arsa tilgram mring Betawi,
Djeng Biskop den toeri,
poedji-mbangoen-toeroet;

Oendoerira Rama Rector saking
ngarsa,
Pra kadang ngidoeng sami,
kidoeng Santo Bapa,
noelja boebar boesekan,
woesnja sowan mring pandapi,
gja sowang-sowang, mring wisma-
nja pribadi.

Kasmara para ningali,
winarna ing sontenira,
sowan malih mring Goestiné;
Ing Dalem Asoetji adi,
Moestaka Dalem Sri Nata,
Gawang-gawang lir satoehoe,
saestoe andoedoet nala;

Rampoengnja pisowan iki,
ladjoe maring panti soeka,
pan rikat, goemjah swarané,
sawoesira tata lenggah,
siswa H. I. S. ngidoeng samja,
geber ngadjeng gja ginoeloeng,
katon Goesti lan sakabat;

Lagja maringken kang Koentji,
langen swara boekak swara
pan ngrangin ngengreng dadiné;
andoedoet, nggoegah, kang manah,
lir njipat-njipatana,
Doek nalika waktowé ikoe;
pantes temen loen moemoedja.

Woesnja ika wonten malih,
nggih tableau(o) pipindanira
Santo Bapa maringaké
makoeta, mring Sri Naréndra
Karel Agoeng ing kina,
malih Santo Bapa lagja
paring berkah mring pra bangsa;

Sadèrèk Darma tan lali
madjeng djoemeneng nèng ngarsa,
anoelja angandaraké
Soengeng Dalem Santo Bapa;
adiling Pasamoewan,
Gandes loewes aloes loeroes,
karja rena ingkang mjarja;

Oendoerira tinampi soerak woe-
rahan,
Rerepèn moenja malih;
gja boebar boesekan, sadaja agam-
bira,
oelat soemèh, goenem manis,
polatan bingar-sigrak-kondoerirèki.

Ari soma, poetra alit samja pista,
bal-balan gja tinanding,
tan kotjap raménja;
soré aringgit poerwa,
wedalan ing Kebonsari
M. (ém) H. (ha)-Wardaja,
loewes-loetjoe atrampil.

Sampoem telas oeloen toetoe atoe
koela
Soewawi amoemoedji
moegi Hjang Ma Kwasa
paring berkah mring Rama,
mrih pandjang joeswanirèki
berkah mrih hardja,
soemarta kang pinanggih.

C. ORDEKA.

PAHARGJAN ING NGAJOGJA.

Watawis kirang 1½ woelan doe-
moegi tapoeiking damel, Paus-comité
Ngajodja sampoem sami dedeg
ngrembag badé wontenipoen pah-
argjan poenika; sami bebah-bebahan
pendamelan, soepados sami anin-
dakaken bagéjanipoen pijambak-
pijambak, wonten ingkang kabagéjan
madjang Grédja, wonten ingkang
madjang papan pepanggijjan, wonten
ingkang kedah ngrembag pasoeaga-
tan, wonten ingkang kabagéjan
damel sesorah, wonten ingkang
ngrembag gangsa, minangka ngra-
mekaken pahargjan, ngrembag djoe-
roe pasindèn langen-swaras, ngrem-
bag lenggahan koersi, bangkoe
toewin gelaran, lan teksih wonten
malih sanèsipoen.

Ngadjengaken kirang ± 6 dinten
Grédja Kampementstraat toewin ing
Kota-baroe sampoem dipoenwiti
rinangga - rengga saking sekedik.
Poenapa malih ing papan pahargjan
oegi sampoem winiwitan.

Papan pahargja nkanggé sadèrèk

Djawi manggèn wonten ing speel-
loods Broederan, déné kanggé se-
dèrèk Welandi wonten ing Semi-
narié.

Doemoegi tapoeiking damel sadaja
pakarjan sampoem sami rampoeng
boten wonten ingkang ngoetjiwani.
Setoe sonten tanggal 5 Ochober
watawis djam setengah pitoe ing
Grédja St. Jozef wonten Lof Ageng
mawi pastoor tiga. Swantening lan-
ngen swara binaroeng oengeling
orgel angrangin, adamel gambiraning
penggalih, anoewohaken gaga-
san: „Saiba ing wekdal poenika
Grédja Sint Pieter kados - poendi
regengipoen.” Tetijang ingkang sami
ndèrèk Lof katingal katah, mila
inggih saja ngrengeng.

Ing Kota Baroe Grédja St. Anto-
nius oegi boten kantoen, padjangan
sarwa édi péni, mawa dilah pating
krelip lir péndah gebjaring lintang
ing wantji daloe. Ingkang merlok-
aken ndèrèk Lof Djawi Wlandi oegi
katah, sadaja sami katingal marem
lan seneng, anoewohaken gagasan:
„Saiba Lof Ageng ing Roem, gèk
kados-poendi.”

Menggah Lof Ageng waoe mawi
kaselanan preek ingkang soeraos-
ipoen anerangaken loehoering pang-
kat rohani, i. p. pangkat ingkang
toedjoenipoen soewita dateng ing-
kang Maha Gesang, anjingkoer bar-
rang kedonjan, roemaket dateng
Sang Hjang Hana.

Kadjawi poenika oegi amedaraken
pangfloedipoen ingkang Soesanta
Paus Pius ping XI dateng kamoer-
sidan toewin kaoetamèn pantes ki-
narja toeladan ing ngakatah.

Dinten Minggoe éndjing 6 Octo-
ber, ing Grédja St. Joesoep boten
wonten Mis babar pisan, déné ing
Grédja St. Fransiscus wontenipoen
Mis djam 9 éndjing, kanggé nje-
dijani para sadèrèk ingkang waoe
djam satengah pitoe éndjing boten
saged ndèrèk Mis Ageng blak-blakan
wonten ing speelloods Broederan,
ingkang sampoem kasedijanan altar
rinangga déning para Zusters, sarwa
asri pakirtijanipoen, adamel rese-
ping paningal. Langen swaranipoen
Broeder sadaja, amewahi rengeng
lan ngengrenging Koerban Soetji ing
wekdal poenika.

Djoeroe ladèn Koerban Soetji sa-
mi boten ngoetjiwani panganggéni-
poen toewin wohing pakarjanipoen,
mila adamel moenggoeh sanget,
toemrap Koerban Soetji éndjing poe-
nika, kondjoek Ingkang Moerbèng
Djadag, minangka pakoermatanipoen
ingkang soesanta Kandjeng Paus
Pius ping XI, djoemeneng Pangèn
rohani sampoem 50 taoen.

Semanten oegi ingkang anglados-
saken Koerban Soetji waoe inggih
sami toememen lan mantep, awe-
watan ageng ing pangandelipoen
dateng Goesti Jésoes, ageng ka-
tresnanipoen dateng Goesti toewin
ageng ing pangadjeng-adjenging sih
wilasanipoen Goesti ingkang roem-
tentah dateng koela sadaja. Ingkang
anjaosaken Koerban Soetji pandje-
nenganipoen Rama Hagdorn, mawi
nggampangin Imam kalih.

Communiebank ing sangadjenging
Altar wonten tiga; ing wiwitaning
Koerban Soetji waoe tetijang sadaja
sampoem kalilan anampèni Panoeng-
gil Soetji, sabab poenapa makaten?
Awit ingkang ndèrèk Koerban Soetji
ing wekdal poenika katah sanget,
ngantos loebèr ing plataraning speel-
loods, mengidoel, mengétan toewin
mengilèn.

Salebeting Koerban Soetji, Salira
Dalem sinéwaka ing singangsana
kantjana, sadaja sami toendoek tjao
soengkem ing ngarsa Dalem akanti
oermat lan toeroes ing manah; lang-
koeng-langkoeng para Imam ingkang
ngladosaken Koerban waoe.

Koekoosing doepa koemeloen
moemboel ing ngantariksa, mratjih-
nani katrimahing kang Koerban.

Watawis djam 8 éndjing Koerban
Mis Soetji bibaran. Éndjing poenika
waoe ing Grédja St. Antonius oegi
wonten Koerban Soetji ageng - age-
ngan kondjoek ing Goesti Allah,
minangka tjao kasoengangan katoer
ingkang Soesanta Kandjeng Paus
Pius XI.

Para tetijang ingkang ndèrèk Koer-
ban Soetji ngantos kekirangan papan.
Langen - swaranipoen sadaja kem-
pling-kempling, sami boten angoe-
tjiwani; dasar pantjèn sampoem di-
poen-gladi sajektosan. Sadaja ing-
kang katingal ing ngrikoe amewahi
damel ngengrenging pasamoewan,
langkoeng-langkoeng prakawis pa-
djangan.

Éndjing djam setengah sedasa
para sadèrèk Djawi (ingkang sam-
poen diwasa) sami nglempak wonten
ing speelloods Broederan, ndjenging
pahargjan, oeda kawis kajoeng
poetri wonten sadèrèk 600 san.

Kadjawi poenika oegi dipoen-
rawoehi padoeka Rama Soeperior,
Rama Straeter para Praters toewin
para Seminaristen, lan inggih won-
ten Welandinipoen sawatawis. Para
Rama ing Kampementstraat oegi
sami angrawoehi.

Pakempalan kabikak déning sa-

dèrèk Soegiri, pangagenging comité,
sarana atoe soengeng rawoeh dateng
para Rama toewin para sadèrèk
sadaja ingkang sami amerlokaken
andjenengi, toemoet-toemoet angra-
mekaken pahargjan poenika akanti
renaning penggalih.

Poenapa malih pambikakipoen
boten kasoepèn mawi angloehoer-
aken asma Dalem.

Menggah toedjoenipoen pahar-
gjan poenika boten sanès amoeng
atoer panoewoen ing Goesti Allah,
déné koela sadaja sampoem pinar-
ingan pengageng Rohani ingkang
kénging pinitados ing samoedaja-
ning damel, poenapa malih atoe
panjoewoen kita dateng ingkang
Moerbèng Alam, soepados Bapa-
Baboening Pasamoewan Soetji, ing-
kang sapoenika sampoem 50 taoen
djoemeneng Imam, sageda toeloes
toewin widada tanpa sekara-kara,
angrenggani pradja djasmani toewin
rohani, ingkang kradjanipoen won-
ten ing Room.

Pangarsaning comite ladjeng ngao-
toeri para wanita ingkang badé
amanembrama. Gangsa moengel
gending sesangka angrangin, mak
tjles raosipoen loemebet ing ba-
loeng soengsoem. Sareng ndoengkap
angsal kalih gongan, ladjeng si-
narengan swantening para wanita
sesarengan, saged angetrepi kados
mestiniipoen.

Para prijantoe prija oegi ango-
angsaken gambiraning penggalih,
aatjos panembrama mawi lagoe ki-
nanti Sri widada. Gangsa miwiti
sagongan roemijin, woesana ladjeng
gérong sareng anoeting gending.
Kapireng ing karna Djawi, wé la,
gadèam sanget.

Sapoenika gantos sesorahipoen
sdr. Iskak, bab soengeng Dalem
ingkang soesanta Kandjeng Paus
Pius ping XI.

Sapérangan ingkang ageng seso-
rahipoem sdr. Iskak sampoem kapa-
tjak ing Swara Tama ngriki tanggal
4 October 1929; pramila koela tam-
bahi ingkang perloe-perloe kémawon.

Ingkang Sinoewoen Kandjeng
Santo Bapa Pius ping XI, poenika
rama iboenipoen prijantoe ingkang
moersid jektos, pramila inggih sam-
poem samestiniipoen bilih ingkang
poetra poenika oegi kagoengan
watek kados mekaten.

Poenapa malih anggadahi watek
remen sinaoe basa warni-warni,
boten kapenggalih babar pisan, bilih
sampoem awrat pendamelanipoen.
Djalarn saking poenika kawegi-
ganipoen anglangkoengi, pramila
pandjenenganipoen ing pakempalan
poenapa kémawon tansah katingal
montjèr sanget.

Saking remenipoen ngoedi basa,
poenapa malih remen ngindakaken
kawroeh warni-warni, pandjenengan-
ipoen angsal titel laureaat ing babagan
theologie. Boten antawis dangoe oegi
pikantoe malih titel laureaat ing
babagan filosofie, toewin oegi ang-
sal titel malih Dr. in de kerkelijke
raad. laureaat ateges Doktor.

Dados pandjenenganipoen poeni-
ka angsal titel Dr. ngantos tiga.
Sadangoenipoen ngasta biblio-
theek, boekoe² ingkang tjap'an tjaj-
jahipoen dados 250 000 idji, déné
ingkang taksih seratan tangan dados
15 000 idji. Semanten poenika pan-
djenenganipoen taksih tansah angoe-
di mindakipoen, ing wasana saged
tambah 6000 boekoe i. p. ingkang
kaserat mawi basa Arab.

Nalika 15 April 1918 pandje-
nenganipoen Mgr. Ratti kawisoeda
déning ingkang Sinoewoen Benedic-
tus ping XV dados Apostolisch
Visitator ing Polen.

Noenggil taoen dawah ing woelan
Juni kaangkat Apostolisch Visitator
ing Ruslan i. p. ing tanah ingkang
tetijangipoen priboeami sengit dateng
Agami Katholiek. Saking sengitipoen
dateng kaom Katholiek, tetijang
waoe damel pepetanipoen Goesti
nalika taksih timoer, boten sami
kasarekaken ing makanan, nanging
dipoensoendoeki, kaedegaken ing
prapatan minangka pepojokan.

Éwasamanten pandjenenganipoen
Mgr. Ratti waoe meksa dipoen-
tresnani titijang priboeami ngrikoe,
kabekta saking anggenipoen lembah
manah toewin awatek sarèh.

Katjarijos nalika tindak saking
Warschau dateng Liga, ing ngrikoe
pinoedjoe wonten gegèr - gegèran
ageng bab sepoer. Saking raméning
brontakan pandjenenganipoen daloe
poenika boten saged kondoer, nan-
ging saré ing setatioen wonten
ing kamar sripanganti.

Pandjenenganipoen Mgr. Ratti
ngoe-di sanget dateng adjenging para
nénéman, soepados kataha ingkang
tinimbalan dados Imam.

Nalika tanggal 20 December 1921
tetijang ing Roem sami soengkawa,
awit ingkang sinoewoen Kandjeng
Paus Benedictus poepoet joeswa.
Malah boten ngemoengaken tetijang
ing Roem, oegi para Katholiek
ing saloemahing djagad, sami ndè-
rèk béla soengkawa.

Tanggal 6 Februari 1922 kapilih
dados Santo Bapa, adjedjoeloek Ing-

kang Soesanta Kandjeng Paus Pius
ping XI, saéngga sapriki ngasta
poesaraning pradja ing Roem, inggih
ratoe djasmani inggih ratoe Rohani.
Djoemeneng Imam wiwit 20 De-
cember 1879 doemoegi 1929 sapoen-
nika djangkep 50 taoenipoen, sigeg
kepkok.

Sapoenika ngaso 15 menoet.

Bakda ngaso mirengaken muziek
sinarengan para zangers lan zange-
ressen, sadaja goed geslaagd. Toe-
moenten sesorahipoen sadèrèk Soe-
tarna, prakawis labetanipoen ing-
kang sinoewoen Kandjeng Paus
babagan actie Katholiek.

Babpoenika kapérang dados ti-
gang warni:

a. Kandjeng Santo Bapa kalijan
actie Katholiek.

b. Kandjeng Santo Bapa kalijan
tentreming djagad.

c. Kandjeng Santo Bapa kalijan
Missie.

Bab ingkang kapisan K. S. B.
kalijan actie Katholiek.

Menggah wontening djagad sa-
poenika saja dangoe saja ambeboe-
tek kanjataan ing salebeting Agama,
kasoesian inggih saja bobrok. Ing
ngrika-ngriki kepireng pasambat ke-
kirangan Imam, mila tetijang Kth.
kedah ambijantoe actie Katholiek.
Ngéneti kekirangan poenika, keplok
sanget kalijan toedjoenaning v. Lith-
stichting, toemoet-toemoet ngré-
ntjangi adegeng missie. Actie Kath.-
Sociaal kedah boten lalawanan, ke-
dah pisah kalijan Actie-Katholiek-
politiek, awit sakalih-kalihipoen
pantjèn béda ingkang sinedyas. Actie
Kath. Sociaal poenika dados sako-
lahanipoen actie kath. politiek. Sa-
dèrèngipoen madjeng wonten ka-
langan politiek, tijang Kath. wonten
Kath. soc. actie kedah katingal sam-
poen santosa Katholiek-ipoen, sam-
poen damang dateng dadasar-dada-
sar Kath. enz.

Actie Katholiek Sociaal mekaten
kedah boten nilar pangagenging Pa-
samoean Soetji, éwasamanten pa-
noentoening actie Katholiek wonten
oegi ingkang boten anglegéwa we-
watan poenika.

Nawala Dalem nerangaken, bilih
Kath. Soc. actie boten kepareng
parepatan, manawi boten kadjene-
ngan Imam, Embaning pakempalan.
Nawala Dalem oegi ngendikaka-
ken, actie Kath. kedah ambangon
sarta njampoernakaken tijang ing
babagan ngibadah, inggih ing Agama,
inggih ing prakawis anggenipoen
dados kawoela, sarana ngisèni ka-
wroeh lan moelang kaoetamèn.

Bab ingkang kaping kalih K. S.
Bapa kalijan tentreming djagad.

Nawala Dalem K. S. B. Pius XI
ngandikakaken, „maring manoesga
sami saja nebihi ingkang Damel
Gesang, mila tentreming djagad ing-
gih saja boten wonten.” Tansah
wonten pasoelajan ingkang ing tem-
bé wingkingipoen ndadosaken pe-
perangan. Dawoehing kitab Soetji:

„Sapa sing ngontjati Pangéran ba-
kal dilooeloh.”
Goesti Jésoes ngandika: „Tanpa
Ingsoera sira ora bisa nglakoni apa-
apa.”

Nawala Dalem K. S. Bapa Pius
XI oegi anerangaken, bilih kate-
nremaning djagad kedah kaedi sa-
king lebet (soekma) roemijin i. p.
aloesing bebedoeh, saéning wewa-
tekan lan kasoesian.

Sadaja waoe mawi adedasar tres-
na ing sesami, ngarah rahadjenging
oemoem boten awatek egoisme. Ka-
dos pangandikanipoen Goesti sara-
na kekantjangan roedirra Dalem: „Si-
ra padaa tresna-tresnan kaja eng-
goningsoen tresnani sira.

Inggih sadaja dawoeh ing nging-
gil poenika minangka margi kanggé
madosi katentremaning djagad.

Bab ingkang kaping tiga:

K. S. Bapa kalijan Missie.

Pandjenenganipoen Ingkang Si-
noewoen K. S. Bapa Pius XI tansah
menggalihi kawontenipoen missie,
sageda saja dipoensoemerepi lan
dipoenbetahi ing ngakatah.

Saking sangeting menggalih mis-
sie, ingkang Sinoewoen ngawonten-
aken missie-tentoostelling, nalika
taoen 1925; taoen poenika ngiras
katetepaken dados taoen soetji. Da-
dos taoen poenika prasasat mi-
nangka kanggé propaganda missie.

Nawala Dalem njebataken, „bilih
sarana Imam priboeami, saged saja
wajar tebaning missie, lan Imam pri-
boemi waoe boten badé kabéda ka-
lijan Imam saking Éropa.” Djalarn
saking poenika ingkang Sinoewoen
mbenoem Imam priboeami dados Bis-
kop ing tanah Tjina, Djepang lan
ing Hindoe. Poenika amratandani
Pasamoewan Katolik boten ambédak-
aken bangsa; boten dados pirantoes-
ing pradja sanès, kados pandakwaning
mengah-mengahipoen Katholiek.

Kadjawi poenika ingkang Sinoe-
woen K. S. Bapa Pius XI jasa sem-
bahjangan ingkang oedjoebipoen
kanggé adjenging missie i. p. apos-
tolaat des gebeds. Poenapa malih
oegi jasa Ngahad-missie i. p. dawah
dinten Ngahad sangadjenging leres
Ngahad kekirangan woelan Octo-

ber. Malih jasa: bureau pekabaran
ingkang soeka pawarta dateng mis-
sie i. p. Argentia Fides.

Wasana sigeg ladjeng keplok.

Watawis djam 12 pahargjan ka-
toetoe, mawi angloehoeraken Goes-
ti, toewin mawi atoe panoewoen
dateng para tamoe, lan ndèrèkaken
soegeng tindak.

Sontenipoen dinten Ngahad 6 Oc-
tober ing Seminarie Kota Baroe
oegi wonten pahargjan wiwit djam
8 telasipoen watawis djam setengah
kalih welas, kanggé para Welandi.

Ingkang angrawoehi pepak sanget,
pengageng College Kota Baroe toewin
Kampementstraat sadaja sami
amerlokaken, poenapa malih para
Welandi oegi katah ingkang rawoeh.

Ingkang sesorah bab babadipoen
Ingkang Sinoewoen K. S. Bapa Pius
XI, toewan v. Dijk. Déne toewan
Rietveld ingkang sesorah bab actie
Katholiek.

Kadjawi poenika oegi kaselanan
menjanjian-menjanjian toewin seso-
rahipoem njonjah Schmutzer sa-
daja ketingal asri lan rengeng, poe-
napa malih sadaja padjanganipoen
oegi damel moenggoehing pasamo-
ean.

Dinten Senèn 7 October wantji
éndjing djam 7, sadaja moerid Ki-
doel Lodji, Koemendaman, Irobra-
djan, Gowongan, Gajam, Kambang
miwah zusteran sadaja ± wonten
3000, sami ndèrèk Mis ing gré-
dja St. Joesoep, sagolong-sagolong
manoet papan ingkang sampoem di-
poeng tengeri. Nengah-nengahi Mis
Ageng wonten preek, ingkang soe-
raosipoen anerangaken pangowaos-
ipoen K. S. Bapa poenika inggih
djasmani inggih rohani.

Ingkang Sinoewoen K. S. Bapa
djoemeneng Ratoening Ratoe, sabab
ingkang Sinoewoen ngagem makoe-
ta soengsoen tiga. Ing donja ngri-
ki makoetaning para ratoe ingkang
katah pijambak namoeng soengsoen
kalih.

Manawi nitik pangoewaosing, bo-
ten ngemoengaken mengageng kra-
djan Vatikana, malah pangoewaos-
ipoen nglandjak doemoegi Swarga,
neraka toewin latoe pangresikan.
Para laré sadaja kadawoehan njem-
bahjangan. Ingkang Sinoewoen,
soepados toeloes widada ngerèh
pradja Vatikana toewin angerèh ti-
jang sadjagad pinaringana kate-
nreman sedjatos.

Bakda Mis Ageng ladjeng bibar-
an oeroet katjag ngalih-ngalih,
ingkang laré èstri dateng Zusteran,
ingkang djaler dateng Broederan,
wonten djawi sami njepeng gendé-
ra djéné petak, mlampah sekawan-
sekawan kairid goeroenipoen pi-
jambak-pijambak.

Doemoegi ing ngrikoe sami ang-
sal tetedan warni-warni, watawis
setengah sanga sami ningali soe-
lapan ngantos djam 11 siang, woe-
sana ladjeng bibaran.

Ing Grédja St. Antonius éndjing
djaw 7 ingkang sami ndèrèk Mis
Ageng para sinjo-sinjo toewin no-
niek-noniek, lan moerid Djawi sa-
king Kalasan, Bantool toewin sa-
nèsipoen, saéngga Grédjanipoen ke-
bak mentjep-mentjep.

Nengah-nengahi Mis ageng oegi
wonten sesorah. Sararampoenging
Mis sadaja para moerid sami ka-
dawoehan dateng seminarie, per-
loes neda sarapan sesarengan sa-
goeroenipoen pisan. Sekedap eng-
kas wonten tetinggalan soelapan bo-
ten kirang angresepaken. Watawis
djaw 12 sijang bibaran.

L. Jadiran.

PAHARGJAN ING SALATIGA.

Nalika Ngahad tg. 6 Oct. kapeng-
ker poenika para sadèrèk Kath. ing
Salatiga sami bingah-bingah mèn-
geti 50 taenanipoen Rama kita
Pius XI, anggenipoen ngasta Imam.

Bakda Lof sadaja sadèrèk Kath.
Djawi Welandi sami ngempal won-
ten ing Froelschool Zusteran, ing-
kang pinadjang saé mawi boekèl
lan portretipoen Santo Rama.

Sinaosa sadèrèk Djawi Kath. ing
Salatiga dèrèng kateh tjajahipoen,
nanging boten poeroen kantoen ka-
lijan sadèrèk Welandi, lan oegi toe-
moet ngramèkaken pahargjan sarana
oeroen voordracht lan tembang.

Ing sonten kasebat karaméjan a-
woedjoed menjanjian welandi werni-
werni, mawi binaroeng ing piano,
toewin lezingipoen toewan Sijberg
bab „Pausdom.”

Sadèrèk R. Th. Sardjono oegi me-
dar sabda, njarijosaken kawontenan
lan kamadjenganipoen missie ing
tanah Djawi, wiwit moelaboekani-
poen Padoeka Rama Van Lith tjakal
bakal ngantos wontenipoen sapoe-
nika, kita Kath. Djawi nggadahi je-
jasan werni-werni, kadosta: pakem-
palan politiek lan sociaal, Wanita
Katholiek, Roekti Woeri O. L. Mij,
koran Swara Tama lan Soera Ka-
tholiek, Van Lith-stichting (lan toe-
djoenipoen) lsp. Ing rikoe sadèrèk
Welandi katingal tjingak lan goemoen

Kala 28/9-'29 koela kaparingan momongan malih ingkang angka 4 sarta koela namakaken

Aloesia Soetjiartati.

Tijang sepochipoen.

D. Prawirapoespita.

Wanasegara.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAË TOEWIN AWÈT
INGGIH NAMOENG

MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W.

Nitjil kénging! - Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS - ROEMAH GIDANG
MALIOBORO - DJOKJA - TELF. 508.

KALAU BELI OBAT - OBAT

DJOKJA

mémang tiada maoe pakai per-tjoema, melainkan boeat djaga keséhatan. Tetapi kalau tiada terima obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pintar Djangan beli sama sekali.

DJOKJA

MALIOBORO

Obat-obat keloearan roemah² obat

„RATHKAMP”
soedah terkenal berapa banjak poeloehan tahoen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap

MALIOBORO

DJOKJA

„RATHKAMP”
tangoeng beli jang paling baik. Djaga tjap „RATHKAMP” dan „ERCEE”

DJOKJA

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

O.L. Mij. Roekti Woeri.

Sinten ingkang badé ndjagi salira lan garwa poetra, loemebet dados warga

ROEKTI WOERI

Moendoeta katrangan dateng

Pangrèh L. JAMA

M. P. SOEMANDAR

DJOKJA.

HEEL DE ARCHIPEL LEEST
DE KOERIER

Eenig R. K. Dagblad in Ned. Indie

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA - BANDOENG

Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran Swara Tama dapat POTONGAN.

GROOTE JAARLIJKSCHE

OPRUIMING

BIJ

WARENHUIS H. SPIEGEL

DJOKJA.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa 6.30 - 8.30	Lamah 5.30 - 6 - 8.	Pekalongan ³⁾ 7.30	Soerabaja:
Amboina 7.30	Lawang ⁵⁾ 7.30	Pemalang ³⁾ 7.30	Kepandjèn 6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api 7.30	Madioen 6 - 7.30	Pemangkat 8.30	Anita Boul. 6 - 7.30 - 9.
Bandoeng 6 - 7.30 - 9.	Magelang 7 - 9.	Poerwokerto 7.30	Soerakarta 6 - 7 - 8.30
Benkoelen 7.30 - 9.	Makassar 6 - 7.30	Poerworedjo 7 - 8.30	Tandjoeng Balai 7.30
Blitar 7.30	Malang 6 - 7.15 - 8.30	Pontianak 7 - 8.30	Tandjoeng Karang 8.
Buitenzorg 6 - 8.	Manado 6 - 7.30	Probolinggo 7.30	Tandjoeng Sakti 7.30
Cheribon 7.30	Medan 6.30 - 8 - 8.30 (tjina)	Salatiga 7.30	Tara-Tara 7.30
Djember 7.30	Medari ⁶⁾ 7.30	Sambas 6 - 8.30	Tegal 7.30 - 9.30
Djokja:	Meester Corn. 7 - 9.	Sambong 8.	Tering 7.
Kampementstraat Eur. 7 - 9.	Mendoet 6 - 7.30	Sawah Loento 7 - 8.30	Tjilatjap ⁸⁾ 7.30
Jav. 6 - 8.	Modjokerto 6 - 8.	Sedajoe 7.	Tjimahi 6 - 8.
Kota Baroe 6 - 7.30	Moentilan 5 - 6 - 8.	Sedjiram 5.45 - 8.30	Tomohon 7 - 8 - 9.
Djombang ¹⁾ 7.30	Muntok 8.	Semarang:	Wates ⁷⁾ 7.
Fort de Kock 7.30	Ngawi ⁷⁾ 7.30	Gedangan 7 - 9.	Weltevreden:
Gandjoeran ²⁾ 7.	Padang 7 - 8.15 - 9 (tjina)	Bangkong 6.30 - 8.	Waterlooplein 5.45 - 7 - 9.
Gombong ³⁾ 7.30	Padang Pandjang 7.30	Tjandi 7.	Kramat 6 - 8 - 9 (mal.)
Keboemen ⁴⁾ 7.30	Pajakombo 7.30	Randoesari 7.	Wonosobo ⁸⁾ 7.30
Kediri 7.30	Palemboeng 7 - 9.	Singkawang 6.30 - 9.	Woloan 8.30
Klatèn 7.30	Pasoeroean ¹⁾ 7.30	Soekaboemi 6 - 7.30	

¹⁾ 1e. Achad. ³⁾ 2e. Achad. ⁵⁾ 1e., 2e., 4e. Achad. ⁷⁾ 3e. Achad.
²⁾ 1e. + 3e. Achad. ⁴⁾ 1e. Achad tiap² doea boelan. ⁶⁾ 2e., 4e. Achad. ⁸⁾ 4e. Achad.

Ngatoeri priksa doemateng para mitra oetawi pitepangan

ADRES KOELA

BENNO TAJIT

ALIJAS

MARTASOEDARMA

Mandoor Drukkerij

„CANISIUS” Djokja.

(wonten watawis mèh satengah djam anggènipoen sami mirengaken andaranipoen sadèrèk R. Th. Sardjono waoe) déné kita Kath. Djawi sampoen anggadhahi daja lan actie samanten agengipoen.

Ing poengkasaning lezing sadèrèk R. Th. Sardjono atas namaning Kath. Djawi Salatiga, ngatoeraken pangajobagja kondjoek Santo Rama, toewin ngatoeraken gending panoe-woenipoen, djer padoeka Missionarissen sampoen samanten labetipoen lan pandjagipoen dateng kita tijang Djawi.

Bakda lezing sadèrèk kasebat la-djeng menjani Welandi pijambak (Solo). Bibar menjanji, padoeka Rama De Man matoer noewoen dateng R. Th. Sardjono lan pisoembangi-poen sadèrèk Kath. Djawi Salatiga, lan ing rikoe Rama De Man katingal kekenan ing galih, mirsani goejobi-poen sadèrèk Djawi Welandi, lan nglairaken pamoedji soepados mis-sie Djawi sageda ngrebda.

Noenten sadèrèk Djawi sami madjeng lan nembang „Gondha mas-toeti,” kondjoek ing Santo Rama. Sadèrèngipoen bibaran padoeka toewan Van Aelen, Assistent-Resi-dent ing Salatiga, atas namaning para tamoe ngatoeraken panoe-woen da-teng Rama De Man.

Déné sekaripoen kados ing ngan-dap poenika:

GONDHO MASTOETI.

Soekèng tyas marwata soenoe, Soeka soekoer troesing ati, Démangkja poepoendèn kita, Sèket warsa ngèsti Goesti, Datan wonten kara-kara, Mandar ngasta Ratoe Soetji.

Marma njoewoen mring Hjang Agoeng, Moemoedji kang Maha Soetji,

Moegi-moegi Rama kita, Tambaha barkahing Goesti, Pinandjangna ingkang joeswa, Tan koerang sawidji oeni.

Tetepa ngasta Ratoe Roem, Koentjara kratoning Christi, Samja ndèrèk Sang Hjang Setya, Ngèdep mantep troes ing ati, Ngloehoerken Kang Maha Kwasa, Goesti oeloen Sang Sinoetji.

Poekoeloen samja njoenjoewoen, Loebèra berkahing Goesti, Loemoentoer mring poetra - poetra, Soemrambah pra tijang Djawi, Dimèn golong sakalangan, Ngabdi Goesti Hjang Sawidji.
Koela tijang Salatiga.

PAHARGJAN ING SEMARANG.

Pahargjan kondjoek ngarsa dalem Sinoehoen Kangdjeng Santo Bapa Nata Pius XI ing Semarang katingal ngresepaken, déné Katho-liek Walandi Djawi sahijeg bantoe-binantoe ngawontenaken karaméan mèngeti 50 taoenipoen K. S. Bapa djoemeneng Imam. Kaleresan pikantoeke papan wijar ing salebeting Weeshuis Gedangan, ingkang pinad-jang nengsemaken dateng sok tijanga ingkang mirsani.

Grédja ing Gedangan papan tempoeking Katholiek Semarang regeng. Salibing menara katingal moebjar moeroeb saking katebihan, ngantos pinda tinrètès ing sosotija.

Sakbakdaning Lof, Ageng Kath.: Walandi Djawi nglempak wonten ing papan tooneel Weeshuis Gedangan. Margi saking katahing Katholiek ingkang merlokaken rawoeh, papan ngantos boten amot katanda katah ingkang sami djoemeneng.
Déné Kath. Walandi mitongton-

aken voordracht zang toewin tableau ingkang adamel gambiraning para ingkang rawoeh. Sad. Kath. Djawi mangargja K. S. Bapa mawi tem-bang binaroeng ing gangsa, goebah-anipoen sad.: Pius Roewidadarma. Panembrama tinoentoen déning sad.: V. S. Bratsoetidja pinanggih boten ngoetjiwani. Gending binoeka mawi bawa lagoe Tjandrakoesoema sléndro patet sanga kadawahaken Soebakastawa:

Sampéjan Dalem Sinoehoen.
Djeng Pius sawelas Adji.
Amèngeti sèket warsa.
Djoemeneng Imaming Widdi.
Widadaa Rama Santa.
Djinangoenga Hjang Roh Soetji.

Hoedjwalanira Soemoenoe.
Narboekeng Soebakastawa.
Sembah oeloen mba sadaroom,
pra kadang Roem oemat Djawi,
ing Semarang nagri redja,
kondjoeka mring Rama Soetji,
moestikèng rat djagad raja,
Sang Pius ping desta Adji,

Langkoeng soeka manah oeloen,
harsaja mangargya sami,
katoer ngarsa Nata Tama,
djedjer Imam sèket warsi,
sinoengan wahjoe sanjata,
jeki gentining Hjang Widdi,

Marma sakadaring kajoen,
soeng poepoedja asanti
loentoering sih Sri Pamasa,
basoekining djeng Déwadji,
djinangoenga ing Roh Santa,
toeloes pangajoming boemi.

Lestari ngrèh Pradja Ngeroem,
mengkonni gotrah Katholiek,
pinandjangna ingkang joeswa,

tinebihna toelah sarik,
pinajoengan ing Hjang Poetra,
mrih kamoeljaning Hjang Soetji.

Minangka gending panoe-woen,
mring Kang Moerbèng boemi langit,
soemawana Sang Pandita,
apratiknja toehoe sami,
soemoengkem nèng ngarsa pada,
ing lahir toemekèng batin.

Margi saking pamboedidajaning Pangrèh K. W. kawontenanipoen sad. Kath. Djawi ingkang andèrèk mangajobagja maremaken; kinten-kinten wonten satoes sèketan. Sadèrèk sakiwa - tengening Semarang kadosta: Djapara, Goeboeg, toewin Oengaran sami merlokaken andèrèk bingah-bingah.

Ing woosana sadaja pinanggih wiloedjeng.

VERSLAGGEVER.

PAHARGJAN ING SOERAKARTA.

Sèket warsa djoemeneng Imam!
Sajekti Rahmating Hjang ingkang Maha Soetji!

Sinten ta ingkang djoemeneng Imam 50 warsa?

Boten sanès Sampjan Dalem Sinoewoen Pius XI, Santo Bapa ing sapoenika!

Amila boten élok sagoeng oemat Katholiek sadjagad, ijeg soeka so-koer dahat amemoedji, mbiwada mahargja.

Dinten Saptoe 5 October Lof Agoeng minangka pahargjan, rereng-ganing Grédja asri, ingkang sami ndèrèk prasasat toemplak blak.

Ngaäd éndjing wonten saosan Mis Agoeng, ingkang ndèrèk saja pipit, Djawi, Landi, Tjina, keboet.

Ngaäd sonten Lof malih, bibar Lof toemoenten bodol nglempak dareng sekolahan Landi R.K. ingkang tinengga asri perloe andrawina noetoeg. Tingalan: Beksa Klana, menjanjian Tu es Petrus gemengde koor, kinanti driestemmig, pentjak, voordracht-voordracht, geboeg Bali, ngoejoe-oejoe. Teroesan wiwit djam 8 ngantos 11 saweg sami kepareng bibaran mantoek. Mangka panoetoep menjanji: Aan U Koning, kebogirio. Senèn prèi, moerid Djawi Landi sadaja kémawon andèrèk Mis.

Sonten ramé-ramé toemrap para moerid - moerid Landi, papanipoen oegi ing Katholieke school, ing mri-koe tingalanipoen gambar idoeop.

Ladjeng slasanipoen sonten gentos para moerid-moerid Djawi.

Sadaja pahargjan waoe, katingal jèn dipoenepor, katindakaken kala-jan mèmpeing, mantep, nggrenseng toewin satoehoe-toehoening manah, sarta dadosipoen inggih regeng, semoea, kampi, goemolong katingal roekoen, éstoe boten koetjiwa.

Boten langkoeng moegi-moegi pahargjan poenika waoe sadaja da-dosa tandaning oermat soengkoek soengkem koemawoela kita ing Sampéjan Dalem Sinoewoen Santo Bapa, lan barkah Dalem ngajomana kawoela sawegoeng, doemoegi ing achir pisan rahadjeng wiloedjeng.
Abdi.

N.B.
Menawi kasekarakèn sekaripoen: Kinanti soeba kastawa. Dandang-gendis, Potjoeng, Megatroeh, Pangkoer, Megatroeh, Midjil, Gamboeh, Sinom, Pangkoer.

XI oetawi 11 kawaosa: Sawlas.
Abdi.